

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1. Kacindekan

Ieu panalungtikan téh ngadéskripsikeun kasalahan éjahan dina nulis karangan déskripsi siswa kelas XII MAN Jonggol taun ajaran 2012/2013. Tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, tétéla kapanggih yén masih loba kénéh siswa anu ngalakukeun kasalahan éjahan dina nulis karangan déskripsi. Éta kasalahan téh ngawengku:

1. kasalahan makéna aksara,
2. kasalahan nuliskeun aksara,
3. kasalahan nuliskeun kecap,
4. kasalahan nuliskeun unsur serepan, jeung
5. kasalahan makéna tanda baca.

Jumlah kasalahan éjahan dina karangan déskripsi siswa kelas XII MAN Jonggol aya 728 data kasalahan, anu ngawengku:

1. kasalahan dina makéna aksara anu kapanggih nyaéta kasalahan makéna vokal, aya 309 data kasalahan atawa 42,45%,
2. kasalahan nuliskeun aksara aya 183 data kasalahan atawa 25,14%, anu ngawengku: (1) kasalahan nuliskeun aksara gedé aya 182 data kasalahan atawa 25%, jeung (2) kasalahan nuliskeun aksara condong aya 1 data kasalahan atawa 0,14%.
3. kasalahan nuliskeun kecap aya 121 data kasalahan atawa 16,62%, anu ngawengku: (1) kasalahan nuliskeun kecap asal aya 9 data kasalahan atawa 1,24% , (2) kasalahan nuliskeun kecap rundayan aya 48 data kasalahan atawa 6,59%, (3) kasalahan nuliskeun kecap rajékan aya 7 data kasalahan atawa 0,96% , (4) kasalahan nuliskeun gabungan kecap aya 7 atawa 0,96%, (5) kasalahan nuliskeun kecap sulur aya 1 atawa 0,14%, (6) kasalahan nuliskeun kecap pangantét aya 49 atawa 6,73%.

Sylvi Fauziah Rhohmah, 2013

**ANALISIS KASALAHAN ÉJAHAN DINA KARANGAN DÉSKRIPSI SISWA KELAS XII MAN JONGGOL  
TAUN AJARAN 2012/2013**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

4. Kasalahan nuliskeun unsur serepan aya 7 data kasalahan atawa 0,96%,
5. kasalahan dina ngalarapkeun tanda baca aya 108 data kasalahan atawa 14,84%, anu ngawengku: (1) kasalahan ngalarapkeun tanda baca titik aya 49 kasalahan atawa 6,73%, (2) kasalahan ngalarapkeun tanda baca koma aya 52 kasalahan atawa 7,14%, (3) kasalahan maké tanda geret aya 4 kasalahan atawa 0,55%, (4) kasalahan ngalarapkeun tanda kecenteng aya 2 data kasalahan atawa 0,27%, jeung (5) kasalahan ngalarapkeun tanda tanya aya 1 data kasalahan atawa 0,14%

Tina 37 data siswa, tétéla bisa dicindekkeun yén 30 siswa dianggap mampu lantaran nileyana geus leuwih ti standar kelulusan nyaéta 6,29, sedengkeun 7 siswa séjénna dianggap can mampu lantaran nileyana kurang ti standar kelulusan.

## 5.2. Saran

Dumasar kana jumlah kasalahan siswa dina ieu panalungtikan ngeunaan éjahan, kasalahan anu pangloba dilakukeun ku siswa téh nyaéta kasalahan dina maké aksara dina nuliskeun hurup vokal *é* ku *e* jeung hurup vokal *eu* ku *e*. Parasiswa masih kénéh loba anu patukeur dina makéna éta vokal. Éta hal bisa jadi cecekelan pikeun guru basa Sunda sangkan leuwih jero deui dina ngajéntrékeun pangajaran ngeunaan éjahan basa Sunda utamana ngeunaan kasalahan éjahan anu aya dina karangan siswa kelas XII MAN Jonggol taun ajaran 2012/2013.

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan kasalahan éjahan anu masih kénéh dilakukeun ku siswa kelas XII MAN Jonggol, anu saterusna mudah-mudahan ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun pikeun pangajaran katatabasaan, palanggeran éjahan, jeung pangajaran nulis.

Mudah-mudahan ieu panalungtikan téh janten conto yén saenyana éjahan téh mangrupa hal anu penting dina nyusun sagala rupa tulisan.

Tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun tétéla loba kénéh siswa anu salah dina maké éjahan basa Sunda. Ku kituna, pangajaran ngeunaan éjahan kudu diajarkeun leuwih jero deui, sangkan parasiswa bisa ngagunakeun basa Sunda anu

hadé tur merenah anu saluyu jeung palanggaran éjahan basa Sunda dina nyieun tulisan, boh anu sipatna fiktif boh anu nonfiktif.

